

Prevni Maladi Tik Simaye



Kisa tik yo ye ?

Tik yo se ensèk ki viv gras a san moun ak animal. Lè yo mode w, yo ka fè w malad. Gen de kalite tik nan Massachusetts ki ka pote maladi — tik ki sou sèf ak tik ki sou chen.

Tik ki sou sèf yo

Ni jenn tik ki sou sèf (nymph) ni adilt tik ki sou sèf mode moun. Ris pou yon tik ki sou sèf mode w pi wo nan prentan, ete ak otòn. Men, tik yo ka deyò nenpòt lè tanperati ivè yo pi wo pase tanperati k ap fè glas. Jenn tik ki sou sèf (nymph) yo menm gwosè ak yon gress "pavo" ("poppy") epi tik adilt ki sou sèf yo menm gwosè ak yon gress jijiri, kidonk li ka difisil pou moun wè yo.

Tik ki sou chen yo

Anjeneral, se sèlman tik adilt ki sou chen yo ki mode moun. Ris pou yon tik ki sou chen mode w pi wo nan sezon prentan ak ete. Tik adilt ki sou chen yo menm gwosè ak yon gress melon dlo.



Ou dwe retire yon tik avèk atansyon pi vit posib. Pi plis tan yon tik ki enfekte fè kole sou ou, se plis chans ou genyen pou w malad.

Itilize pwodui sa yo avèk pridans !

Swiv enstriksyon ki sou etikèt pwodui a. Si w gen kesyon apre w fin li etikèt la, kontakte konpayi ki fè pwodui a.

- Pa itilize pwodui pou repouse ensèk anba rad ou.
- Pa itilize pwodui pou repouse ensèk sou kote w blese oswa kote po w irite.
- Pa itilize pwodui pou repouse ensèk tou pre bouch ou oswa je w — epi itilize yon tikras ozalantou zòrèy ou yo. Lè w ap itilize pwodui espre yo, flite pwodui a nan men w dabò epi apre pase l nan figi w.
- Itilize yon ti kantite ki kont ase pou kouvri po ki pa kouvri a lejèman ak/oswa rad la. Mete anpil nan pwodui a bay pi bon rezulta.
- Pa kite timoun manyen pwodui a. Lè w ap itilize pwodui pou repouse ensèk sou timoun, mete enpe nan men w dabò, epi apre pase l sou timoun nan. Pa mete pwodui pou repouse ensèk nan men timoun.
- Lè w antre lakay ou, lave men w ak rad yo ki te gen pwodui pou ensèk sou yo a.

Kisa pou m fè si m fè yon reyaksyon a yon pwodui pou repouse ensèk ?

Si w sispèk oumenm oswa timoun ou an gen yon reyaksyon segondè a yon pwodui pou repouse ensèk (pa egzanp si w vin genyen yon gratèl sou po w oswa lòt sentòm ou panse se paske w t ap itilize yon pwodui pou repouse ensèk), retire kèlkeswa rad ki te gen pwodui a sou yo a, lave zòn ki afekte a avèk savon ak dlo, epi kontakte doktè w oswa sant kontwòl pwazon ki nan lokalite w la. Si w pral kay doktè w la, mache ak pwodui pou repouse ensèk la — enfòmasyon k sou etikèt la kapab ede. Nimewo telefòn gratis Sant Rejyonal pou Kontwòl Pwazon an se (800) 222-1222.

Ki maladi tik yo simaye ?

Tik sou chen yo ka simaye lafyèv poup nan Mòn ki gen Wòch (Rocky Mountain spotted fever) ak Tilaremi.

"Rocky Mountain spotted fever" se yon maladi bakteryèn ki bay jeneralman gwo lafyèv ak maltèt grav epi fatig. Sentòm yo kòmanse nenpòt lè soti nan 3 jou pou rive sou 2 semèn apre yon tik ki enfekte fin mode yon moun. Yon gratèl ki gaye al nan pla men ak anba pla pye parèt souvan ant 3 a 5 jou apre lafyèv la kòmanse. "Rocky Mountain spotted fever" a se yon maladi ki ra nan Massachusetts epi li rive jeneralman nan pati sidès eta a, Cape Cod, ak nan Martha's Vineyard.

Tilaremi se maladi bakteri bay apre yon tik sou chen ki enfekte mode yon moun. Sentòm yo kòmanse jeneralman ant 3 a 5 jou apre tik la mode moun nan, men li ka pran jiska 3 semèn pou yo parèt. Moun tik mode yo genyen jeneralman yon blesi ki pran tan pou l geri sou po yo ak glann yo ki anfle (glann lenfatik yo). Nan Massachusetts, moun enfekte pi souvan Cape Cod, Martha's Vineyard ak Nantucket.



Tik ki sou sèf yo ka simaye maladi Lyme (Lyme disease), Babezyoz, ak anaplasmoz.

Se bakteri ki bay maladi Lyme nan. Sentòm yo kòmanse nenpòt lè soti nan 3 jou pou rive sou 1 mwa apre yon tik ki enfekte ki sou sèf fin mòde yon moun. Sentòm yo ka gen ladan yo yon gratèl ozalantou kòte tik la mòde moun nan ki sanble souvan a je yon towo bëf, ak / oswa sentòm ki sanble ak grip. Si moun nan pa trete, bakteri a ka anvayi lòt pati nan kò a epi li ka lakoz rimatis, doulè k ap lanse moun nan, pèt sansasyon oswa pikotman nan men oswa nan pye, difikilte pou moun nan sonje bagay ki fèk pase, ak pwoblèm kè. Maladi Lyme nan afekte moun nan tout Massachusetts la.

Se yon bakteri ki afekte global wouj ki bay babezyoz. Majorite moun ki enfekte yo pap gen okenn siy maladi oswa y ap gen siy ki minim anpil. Sentòm yo, lè moun genyen yo, kòmanse gradyèlman anviwon 1 a 6 semèn apre yon tik ki enfekte ki sou sèf fin mòde yon moun. Yo ka gen ladan lafyèv, frison, maltèt, doulè nan jwenti ak mis yo, fatig, kè plen, vomisman, doulè vant, ak pipi fonse. Granmoun aje yo ak moun ki pa gen yon larat oswa yon sistèm defans ki an sante gen plis chans pou yo vin genyen sentòm grav. Nan Massachusetts, ka maladi sa yo rive pi souvan Cape Cod, Martha's Vineyard ak Nantucket.

Se yon bakteri ki afekte global blan ki bay Anaplasmoz. Sentòm yo parèt jeneralman toudenkou 1 a 2 semèn apre yon tik ki enfekte ki sou sèf fin mòde yon moun. Yo ka gen ladan yo lafyèv, maltèt, doulè nan mis, frison, transpirasyon, kè plen, ak vomisman. Paske sentòm yo ka vin menase lavi moun nan, li enpòtan pou yo trete moun nan imedyatman. Granmoun aje yo ak moun ki gen dyabèt oswa yon sistèm defans ki fèb gen plis chans pou yo vin genyen sentòm grav. Nan Massachusetts, ka maladi sa yo rive pi souvan Cape Cod, Martha's Vineyard, Nantucket ak nan Berkshire County.

Kijan m ka diminye kantite tik ki ozalantou lakay mwen ?

Ou pa oblige ap mache nan chan bwa pou yon tik mode w. Ou ka nan pwòp lakou w ! Ou ka diminye kantite tik ki ozalantou lakay ou si w swiv konsèy sa yo :

- Toujou koupe zèb yo kout.
- Retire fèy bwa yo ak touf bwa toutotou lakay ou.
- Koupe branch bwa ki ba yo pou w ka pèmèt plis limyè solèy antre ak pou diminye imidite. Tik yo bezwen imidite pou yo siviv.
- Pa kite pil bwa ak vesò yo bay zwazo manje yo atè a epi mete yo lwen lakay ou pou dekouraje sourit ak lòt wonjè ki ka gen tik.
- Toujou koupe plant yo ki ozalantou mi ki fèt an wòch yo kout.
- Itilize yon baryè ki gen yon lajè twa pye ki fèt ak ti moso bwa, pay bwa oswa gravye kote gazon w nan rive nan bwa yo. Tik yo gen mwens chans pou yo janbe yon baryè pou y al nan gazon w nan. Li ka sèvi tou kòm yon bagay pou fè moun k ap janbe baryè a sonje yo pral nan yon zòn ki ka gen tik.
- Mande moun yo ki fè pepinyè plant nan lokalite w la ki plant ou ka itilize nan lakou w ki pa atire sèf. Se paske sèf gen tik epi yo simaye yo de yon kote a yon lòt.
- Itilize kloti pou sèf (pou lakou ki gen 15 ekta tè oswa pi plis).
- Yon aplikasyon akarasid (pèstisid pou tik) kapab diminye kantite tik ki nan lakou w. Pwodui yo disponib nan magazen yo, oswa w ka anvizaje pou w itilize yon konpayi pèstisid pwofesyonèl.

Ki kalite pwodui pou repouse ensèk mwen dwe itilize ?

Divès kalite pwodui pou repouse ensèk travay kont divès kalite ensèk. Li enpòtan pou w gade engredyan aktif ki sou etikèt pwodui a. Yo rekòmande pwodui pou repouse ensèk ki gen DEET oswa permethrin pou pwoteksyon kont tik. Kèk pwodui pou repouse ensèk, tankou picaridin oswa lwil sitwon ekaliptis, prevni piki moustik men yo PA travay kont tik.

Yo ka itilize pwodui pou repouse ensèk ki gen DEET sou po ki pa kouvri oswa sou rad. Si w itilize l sou rad ou, sonje DEET ka domaje kèk fabrik sentetik tankou asetat, reyon oswa "spandex".

Li gen plis pase 200 pwodui ki genyen DEET ki anrejistre nan Ajans pou Pwoteksyon Anviwonman [(Protection Agency (EPA)], ki gen konsantrasyon 5% a 100% DEET. Anjeneral, plis pou santaj DEET a wo, pi lontan l ap dire sou moun nan. Li etikèt pwodui a pou w ka konnen konbyen fwa ou dwe pase l sou ou ankò. Yo pa dwe itilize DEET lakay timoun ki pa ko gen 2 mwa. Timoun ki gen plis pase de mwa dwe itilize konsantrasyon 30% oswa pi piti.

Yo fè pwodui permethrin yo pou yo itilize sou bagay tankou rad, soulye, moustikè pou kabann, ak materyèl pou kan epi moun pa dwe pase yo sou po yo. Pase permethrin sou rad ou anvan w mete yo sou ou epi swiv entriksyon yo ba w sou pwodui a.





Kijan m ka pwoteje fanmi m, animal mwen yo, ak tèt mwen kont piki tik ?

Pi bon mwayen pou w prevni maladi sa yo se prevni piki tik. Yo jwenn tik yo pi souvan nan zòn ki gen zèb, ki gen touf bwa, epi ki bwaze. Yo kole sou ou sèlman lè w vin kole dirèkteman avèk yo — yo pa ka sote oswa vole. Swiv etap sa yo si w abite, travay, oswa pase tan nan zòn kote tik yo ka ap viv :

- Yon fwa pa jou, verifye si gen tik sou kò w — se sèl bagay ki pi enpòtan w ka fè. Li ka pran 24 èdtan e plis pou tik ki enfekte yo simaye maladi, poutèt sa si yon tik mòde w, ou ka anmezi pou w anpeche w vin malad si w retire tik la rapidman. Pami plas tik yo pi renmen ale nan kò w, nou jwenn : nan mitan zòtèy yo, dèyè jenou yo, lenn, anba zesèl, ak kou, nan po tèt, ak dèyè zòrèy yo. Sonje pou w gade sou timoun ou yo ak sou bêt ou yo tou. Retire tik yo pi vit posib. Pa blyie verifye ekipman w, rad ou, ak animal ou yo lè w ap antre lakay ou.
- Itilize pwodui pou repouse ensèk ki genyen DEET yo sou po w ki pa kouvri ak pwodui ki genyen permethrin yo sou rad ou.



- Kole ak zèb ki wo ak touf bwa ap ogmante kontak ou ak tik yo. Rete sou wout prensipal yo ak nan mitan chemen yo si w kapab.
- Si tan an pèmèt ou, mete chemiz manch long ki gen koulè pal ak pantalon long ki antre anndan chosèt ou. Sa ap ede pou fè tik yo rete lwen po w epi fè l pi fasil pou w wè tik yo sou rad ou.
- Chen ak cheval yo an patikilye gen chans pou yo gen tik sou yo Pale ak veterinè w la sou pi bon mwayen pou w pwoteje animal ou yo kont maladi tik transmèt yo.

Kisa m ka fè pou m pwoteje animal mwen yo ?

Animal domestik ak cheval ka pran maladi nan tik tou. Pale ak veterinarianè w la sou vaksinasyon pou animal domestik ou yo ak sou pwodui pou repouse tik yo apwouve pou itilize pou animal. Toujou li etikèt pwodui a anvan w itilize l, epi swiv tout enstriksyon yo avèk atansyon. Egzamine animal domestik ou yo chak jou pou chache tik. Non sèlman tik yo ka fè animal ou yo malad, yo ka itilize animal ou yo pou yo "pran yon woulib" pou yo antre anndan lakay ou kote yo ka mòde oumenm ak fanmi w.

Kisa m dwe fè si m jwenn yon tik sou mwen ?

Ou dwe retire tik la avèk atansyon pi vit posib. Pi plis tan yon tik ki enfekte fè kole sou ou, se plis chans ou genyen pou w malad.

1. Itilize yon ti pensèt ki gen pwent fen, ki pwòp pou w pran tik la pi pre posib ak po w.
2. Rale monte avèk yon presyon fèm, ki pa chanje. Pa tòdye tik la oswa rale l monte briskeman — sa ka lakoz pyès ki fòme bouch li yo kase epi rete nan po w. Si sa rive, retire pyès ki fòme bouch li yo avèk pens. Si w pa kapab retire bouch la fasil avèk pens pwòp yo, kite l konsa epi kite po a geri.
3. Apre w fin retire tik la, byen netwaye zòn kote w te pike a ak men w avèk alkòl, yon bwòs ki gen yòd, oswa savon ak dlo.

Evite remèd popilè yo tankou "pentire" tik la avèk kitèks oswa pomad petwoleyòm, oswa itilize chalè. Sa yo kapab pa lakoz tik la dekole epi yo ka ogmante chans pou tik la simaye maladi. Objektif ou se retire tik la pi vit posib — pa tann pou l dekole.

Make dat la ak ki kote sou kò w ou te retire tik la. Fè moun k ap ba w swen sante a konnen si se yon tik ki sou sèf ki te mòde w oswa si w vin genyen yon gratèl oswa lòt siy maladi pandan sezon tik la. Doktè w la ka deside pou l trete w apre yon tik ki sou sèf mòde w.

Pou plis enfòmasyon sou maladi tik yo simaye :



Depatman Lasante Piblik nan Massachusetts
Biwo pou Maladi Enfektyez
Divizyon Epidemiyoloji ak Iminizasyon
(617) 983-6800 oswa nimewo gratis la nan
1-888-658-2850
www.mass.gov/dph/tick